दिन—सोमवार दिनांक—25.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय नीट परीक्षा मे बेर—बेर भऽ रहल चूक पर चिंता जताओलक अछि। न्यायालय कहलक जे ई दुःखक गप अछि जे राष्ट्रीय जांच एजेंसी पछिला पेपर लीक विवाद सँ कोनो सिख नहि लेलक अछि। न्यायाधीश पी.एस. नरसिम्हा आ आलोक अराधेक पीठ केंद्र सरकार, राष्ट्रीय जांच एजेंसी—एनटीए आओर केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो सँ ओहि याचिका सभ पर जवाब माँगलक अछि, जाहि मे मेडिकल प्रवेश परीक्षा आयोजित करबाक लेल जांच एजेंसीक स्थान पर कोनो बेसी मजगूत आ स्वायत्त संस्था के आनबाक मांग कएल गेल छल। न्यायालय एजेंसी कैँ बृहस्पति दिन धरि जबाव देबाक निर्देश देलक अछि।

---

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड— सीबीएसई के पाठ्यक्रम मे कक्षा एक सँ लऽक माध्यमिक स्तर धरि मैथिली भाषा के मातृभाषा विषयक रूप मे मान्यता प्रदान कयल गेल अछि। दरभंगाक सांसद डॉक्टर गोपालजी ठाकुर सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे केन्द्रीय शिक्षा राज्यमंत्री जयंत चौधरी हुनका एहि संबंध मे पत्र पठौलकनि अछि। सांसद जनौलनि जे सीबीएसई शैक्षिणीक सत्र दू हजार छब्बीस—सत्ताईस सँ पाठ्यक्रम मे मैथिली के शामिल कऽ लेल गेल अछि। नव पाठ्यक्रम सीबीएसई के बेवसाईट पर सेहो उपलब्ध अछि। पत्रक अनुसार, राष्ट्रीय शिक्षा नीति, दू हजार बीसक अनुसंशाक आलोक मे कक्षा एक सँ माध्यमिक कक्षा धरि मातृभाषा मैथिली कैँ शिक्षणक माध्यम बनाओल जायत।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आइ राष्ट्रपति भवन मे छियासठ विशिष्ट लोकनि कैँ वर्ष दू हजार छब्बीसक लेल पद्म पुरस्कार प्रदान कएलनि। एहि समारोह मे उपराष्ट्रपति सी. पी. राधाष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ गृहमंत्री अमित शाह सेहो उपस्थित छलाह। बिहारक तीनटा विभूति कैँ पद्म पुरस्कार प्रदान कएल गेल। प्रख्यात कृषि वैज्ञानिक डॉ. गोपाल जी त्रिवेदी कैँ विज्ञान आओर प्रौद्योगिकीक क्षेत्र मे आ डोमकच नृत्य कैँ मुख्यधारा मे अनबाक लेल विश्वबंधु कैँ मरणोपरांत पद्मश्री सँ सम्मानित कएल गेलनि। ओतहि, भोजपुरी लोक गायक भरत सिंह भारती कैँ कलाक क्षेत्र मे हुनकर उत्कृष्ट योगदानक लेल पद्मश्री देल गेलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मैथिली कैँ सीबीएसईक पाठ्यक्र मे मातृभाषाक रूप मे मान्यता देबाक लेल केंद्र सरकारक पहल के स्वागत कयलनि अछि। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे ई गौरवक विषय अछि। एहि सँ मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत आ मातृभाषा मैथिली कैँ शिक्षा व्यवस्था मे सशक्त स्थान भेटत। मुख्यमंत्री श्री चौधरी कहलनि जे केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्डक एहि फैसला सँ मिथिलाक सांस्कृतिक अस्मिता आ भाषाई गौरव बढ़त।

———————————————————————————

वार्षिक हज यात्रा लेल भारत सहित दुनिया भरि सँ लाखो जायरीन सऊदी अरबक मिना मे जमा भऽ रहल छथि। अहि वर्ष हज यात्रा मे बिहारक दू हजार पांच सय बावन हज यात्री सहित देश भरिक लगभग एक लाख पचहत्तरि हजार यात्री भाग लऽ रहल छथि। केंद्र सरकार सुचारू, सुरक्षित आओर आरामदायक हजयात्रा सुनिश्चित करबाक लेल व्यापक व्यवस्था कयलनि अछि।

———————————————————————————

तेल विपणन कम्पनि सभ पेट्रोल आ डीजलक दाम एक बेर फेर सँ बढेलक अछि। पेट्रोल दू रुपैया एकसठ पैसा आ डीजल दू रुपैया एकहत्तरि पैसा प्रति लीटर महग भऽ गेल अछि। पिछला दू सप्ताह मे तेलक दाम चारिम बेर बढ़ल अछि। पटना में पेट्रोल एक सय तेरह रुपैया पैंतीस पैसा आ डीजल निन्यानवे रुपैया छत्तीस पैसा प्रति लीटर भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार पेट्रोल आओर डीजलक दाम मे भेल बढ़ोत्तरी कैँ अंतर्राष्ट्रीय स्थितिक परिणाम बतौलनि अछि। डॉक्टर कुमार कहलनि जे सरकार एहि स्थिति पर नजरि रखने अछि आ जल्दीए एहि पर नियंत्रण कऽ लेल जाएत। ओ लोक सभ सँ ईंधनक बचत करबाक अपील कएलनि।

———————————————————————————

बिहार विधानमंडल अपन कर्मचारी आ अधिकारी सभक लेल पटनाक विभिन्न भाग सँ बस सेवाक शुरुआत कयलक अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक पेट्रोल–डीजल बचेबाक अपीलक अनुरूप ई नव व्यवस्था शुरू कएल गेल अछि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार आइ विधानमंडल परिसर सँ बस सभ कँ हरियर झंडा देखा कऽ विदा कएलनि।

———————————————————————————

कालिह चेतना समिति पटना मे चेतना मिथिला हस्तकला प्रदर्शनि सह बिक्री हाट लगाओल गेल। विदित अछि जे ई हाट प्रत्येक मासक चारिम रवि दिन लगाओल जाईत अछि।

समाप्त